



Pou Piblikasyon Imedya: 14/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 92 MILYON DOLA POU MODÈNIZE AYEWOPÒ ENTÈNASYONAL ALBANY AN

Gouvènè an Bay 22.1 Milyon Dola nan Finansman Konpetisyon Revitalizasyon ak Devlopman Ekonomik Ayewopò nan Rejyon Nò a pou Aktive Rekonsepsyon Ayewopò a

Konektè Northway-Ayewopò Albany a pou 50 Milyon Dola a Pral Redwi Anbouteyaj Sikilasyon yo epi Bay yon Wout Ki Pi Dirèk pou ale nan Ayewopò a - ki te Finance pa Plan Renouvèlman Enfrastrikti 100 Milya Dola Gouvènè Cuomo a

Ou Ka Gade Kontrandi yo sou Nouvo Konektè Ayewopò ak Otowout lan [La a](#)

Ou Ka Gade yon Videyo Ki Ap Ekspoze Pwojè Transfòmasyon Ayewopò Entènasyonal Albany an [La a](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay jodi a 22.1 milyon dola nan finansman pou Ayewopò Entènasyonal Albany nan kad yon pwojè ki koute 42.1 milyon dola pou modènize etablisman an. Finansman sibvansyon sa fè pati 200 milyon dola Konpetisyon Revitalizasyon ak Devlopman Ekonomik Ayewopò nan Rejyon Nò a (Upstate Airport Economic Development and Revitalization Competition), ke Gouvènè Cuomo te anonse pou premye fwa nan Diskou Eta Leta 2016 li an epi ki te adopte pi ta nan Bidjè Eta 2017 lan.

Pou ka konplemanje investisman Eta a nan Ayewopò Albany, Gouvènè Cuomo te anonse tou yon pwojè ki koute 50 milyon dola pou konstwi yon nouvo konektè otowout ant ayewopò a ak Adirondack Northway (I-87) ki nan Komin Kolon, Konte Albany, pou redwi anbouteyaj sikilasyon yo epi bay yon wout ki pi dirèk pou ayewopò a. Pwojè konektè ayewopò a finance pa Plan Renouvèlman Enfrastrikti (Infrastructure Renewal Plan) pou 100 milya dola Gouvènè Cuomo a.

“Ayewopò Entènasyonal Albany an se yon pòt prensipal nan Rejyon Kapital, epi pwojè modènizasyon sa a pral ede maksimize opòtinite devlopman ekonomik ak touristik yo pou jenerasyon ki gen pou vini yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ayewopò yo se pòt antre nan kominote nou yo, epi investisman sa yo nan avni ayewopò Rejyon Nò yo ap

bay nouvèl pòs travay epi ede atire nouvo abitan, biznis ak vizitè yo nan chak rejyon eta a.”

“Ayewopò yo atravè eta a ap transfòme ak investisman yo pou sipòte amelyorasyon ki nesèsè yo ak ekspansyon sèvis transpò yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Anons finansman konsiderab sa pou Ayewopò Albany an pral fè vwayaj pou ale epi soti nan ayewopò a vin pi fasil epi pi rapid, epi bay resous pou ede modènize ayewopò a ak nouvo ranfòsman pakin ak tèminal yo. Anons sa ranfòse angajman ke nou te pran pou modènize enfrastrikti yo nan kominote yo epi kreye opòtinite devlopman ekonomik ak touristik yo ak opsyon transpò ki pi bon epi pi sekirize pou moun New York yo ak moun ki nan mond lan.”

Sou Konpetisyon Revitalizasyon ak Devlopman Ekonomik Ayewopò nan Rejyon Nò a, Eta a te mande ayewopò yo soumèt plan ki:

- Estimile aktivite ekonomik rejyonal yo, kreyasyon travay epi atire biznis;
- Ogmante kapasite ak aksè a avyon, tèminal, malèt ak pakin;
- Konstwi dènnye ekipman modèn pou pasaje yo ak mezi sekirite yo;
- Entwodwi konsèp konsepsyon ki inovatif epi pwomouvwa patenarya piblik-prive ak posibilite pou reyalize li rapidman; epi
- Enkòpore batiman dirab ak teknoloji enèji renouvlab yo.

Modènize Ayewopò Entènasyonal Albany

Tèminal prensipal Ayewopò Entènasyonal Albany an te konstwi an 1962 epi li te sibi dènnye renovasyon konsiderab li an 1998. Anviwon 1.4 milyon moun pa ane pran avyon nan ayewopò a, ki gen yon aparans demode ak pakin ki limite. Reyelaborasyon nan ayewopò a gen ladan:

- *Nouvo Garaj Pakin* -- Pwojè a pral konstwi yon garaj pakin ki gen divès nivo ki gen 1,000 plas, ki ap elaji kapasite pakin ayewopò a de 20 pousan. Garaj an beton ke yo antisipe a pral bay yon twotwa pou pyeton ki chofe pou ale nan tèminal ayewopò a. Ekleraj LED ki pa konsome anpil enèji yo pral klere pon sa a, ranfòse vizibilite menm jan ak sekirite pou veyikil ak pou pyeton yo.
- *Amelyorasyon Aksè Pakin yo* -- Pwojè a pral enstale nouvèl siyalizasyon elektwonik LED, materyèl pou konte machin yo, ak materyèl kontwòl aksè ki entèaktif yo ki itilize teknoloji GPS ki avanse pou lokalize espas pakin ki disponib yo, epi bay mesaj oryantasyon yo ki ap dirije otomobilis yo pou ale nan espas sa yo. Sistèm pakin aktyèl lan li date prèske de 20 ane epi kontwòl elektwonik li yo an delabreman.
- *Reyabilitasyon Tèminal ak Ekipman Pasaje yo* - Pwojè a pral reyabilite tèminal lan, ki gen ladan eskalatè yo, twalèt yo, sal atant yo ak espas restorasyon an. Amelyorasyon yo pral gen ladan nouvèl kapèt yo, finisyon miray yo, planche a kawo yo, fonksyon ekleraj ki pa konsome anpil enèji yo ak pi bon konektivite Entènèt.

Kontrandi nouvo ayewopò yo disponib [isit la](#).

Leta ap bay ayewopò an 22.1 milyon dola pou plan an. Ayewopò Entènasyonal Albany an te sekirize tout finansman adisyonèl pou yon montan pwojè total 42.1 milyon dola.

Konektè Ayewopò Albany nan Sòti 4

Konplemanite efò modènizasyon a se pwojè Depatman Transpò Eta New York lan (New York State Department of Transportation, NYSDOT) ki pral konstwi yon Konektè Ayewopò Albany nan Sòti 4 nan Adirondack Northway (Interstate 87) ki nan Komin Kolon, Konte Albany. Pwojè a pral bay aksè dirèk nan Ayewopò Entènasyonal Albany soti nan Northway lan epi sipòte kwasans ekstrayòdinè Rejyon Kapital lan nan sektè edikatif, teknolojik ak famasetik yo.

NYSDOT ap akselere pwojè a, ki te pwograme inisyalman pou kòmanse nan pwochèn sezon prentan, epi li pral ap fè piblisite pou anchè konstwiksyon yo semèn sa ak pwojè ke yo prevwa pral lanse sezon otòn sa. Yo prevwa pwojè a pral fin konplete apati fen 2020. Finansman pou pwojè 50 milyon dola ki antisipe a te enkli nan Plan Renouvèlman Enfrastrikti 100 milya dola Gouvènè Cuomo a.

Pwojè a pral rekonfigire wout tranzisyon Sòti 4 lan apati kreyasyon yon pasrèl pou sikilasyon nan direksyon nò Northway. Nouvo ranp lan pral vwayaje sou Northway lan, boukle pa dèyè ak nan lwès Desmond Hotel epi rive nan yon nouvel Entèseksyon T ak Albany-Shaker Road, tou pre ayewopò a. Pou sikilasyon nan direksyon sid sou Northway lan, yo pral konstwi yon nouvo ranp sòti pou vwayaje dèyè Desmond Hotel epi konekte ak yon ranp pasrèl ki pral mennen nan nouvel entèseksyon an.

Pwojè a planifye tou mande yon nouvo ranp antre dirèk soti nan Route 155 (Watervliet-Shaker Road) nan Sòti 5 pou rive nan direksyon sid Northway, sa ki ap elimine nesosite pou gen ranp fasad aktyèl soti nan bò direksyon sid otowout la.

Nan bò direksyon nò a, yo pral pwolonje ranp antre ki akote batiman Times Union nan rive jouk nan Sòti 5 pou Route 155, sa ki ap kreye yon wout oksilyè ki pi long ki pral fè li vin pi fasil pou chofè yo konvèje nan direksyon nò Northway a epi pou kite otowout lan nan Sòti 5. Yo planifye konstwi yon miray pou bwi nan bò direksyon nò a ant Sòti 4 ak Sòti 5. Pwojè a pral konvèti tou ranp sòti direksyon nò Sòti 4 aktyèl lan pou pèmèt detou a dwat sèlman fè manèv yo nan Wolf Road.

Pou vwayajè ki prale nan direksyon ayewopò a soti nan direksyon nò Northway lan, pwojè a pral elimine nesosite pou vwayaje atravè de limyè sikilasyon adisyonèl. Pou vwayajè sou direksyon sid Northway yo, pwojè a pral elimine nesosite pou vwayaje atravè yon limyè sikilasyon adisyonèl. Yo prevwa ke nivo aksidan yo ak tan vwayaj yo pral diminye an konsekans.

Pwojè a pral ranfòse konektivite pou pyeton ak siklis yo nan bay twotwa sou bò sid Albany Shaker Road lan ant wout konektè a ak Wolf Road menm jan ak yon wout itilizasyon ki pataje ki ant Ayewopò Entènasyonal Albany ak wout konektè a.

Konstwiksyon wout konektè ayewopò a pral libere tou gwo wout pasèl zòn komèsyal yo pou redevlopman komèsyal ak amelyorasyon ki ap fèt pa sektè prive.

Yon kantite anviwon 40,000 veyikil motorize pa jou ap itilize Sòti 4 lan nan Northway epi yon kantite anviwon 102,000 veyikil motorize ap vwayaje sou Albany-Shaker Road nan lokalite sa chak jou.

An Oktòb 2015, Depatman Transpò a te konplete yon pwojè 22.3 milyon dola pou ranplase pon yo ki ap pote Northway lan sou Albany-Shaker Road. Sa se te premye nan de faz travay ki planifye yo nan Sòti 4. Pwojè 2015 lan te ranplase de pon ke yo te konstwi nan kad konstwiksyon Northway orijinal la an 1959.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Howard Zemsky te deklare, “Ayewopò modèn ki aksesib yo kapab ede favorize devlopman ak kwasans ekonomik rejyonal, epi investisman sa yo nan Ayewopò Entènasyonal Albany pral pote rezilta pou dekad ki gen pou vini yo”.

Komisè Pwovizwa Depatman Transpò Eta New York, Paul A. Karas, te deklare, “Nan tout Empire State, Gouvènè Cuomo te fè de investisman nan transpò yo yon priyorite nan kad estrateji devlopman ekonomik li an. Pwojè sa pral transfòme Ayewopò Entènasyonal Albany epi fè li vin pi rapid epi pi fasil pou moun ale ladan, sa ki ap redwi reta ak emisyon gaz yo pandan ke li ap ranfòse kalite lavi pou vwayajè yo ki nan Rejyon Kapital”.

Manm Kongrè Paul Tonko te deklare, “Ayewopò Konte Albany a se yon plim nan chapo rejyon nou an. Ale nan epi soti nan ayewopò a ta dwe fasil, sekirize epi efikas. Malerezman, konsepsyon aktyèl lan mwens ke ideyal. Mwen aplodi anons Gouvènè a jodi a pou fè li vin pi fasil pou ale nan ayewopò a pandan ke yo ap redwi anbouteyaj. Pwojè sa se ankò yon lòt egzanp de enpòtan ki genyen nan sekirize resous federal yo nan Washington pou pèmèt kwasans entelijan nan kominote lokal nou yo. Mwen antisipe ak antouzyas kwasans ak sèvis pèmanan ayewopò a pou fanmi, biznis ak vizite rejyon nou an yo”.

Senatè Neil Breslin te di, “Posede yon ayewopò modèn sa enpòtan anpil nan byennèt ekonomik yon rejyon. Amelyorasyon sa yo nan Ayewopò Entènasyonal Albany ansanm ak amelyorasyon enfrastrikti ki remake yo nan ak alantou ayewopò a yo enpòtan anpil pou efò sa. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ansanm ak Depatman Transpò Eta New York la poutèt angajman yo pran anvè ekonomi Rejyon Kapital la”.

Manm Asanble Phil Steck te deklare, “Mwen remèsye Gouvènè a ansanm ak NYSDOT poutèt yo akselere pwojè sa, ke Cham Komès nou an t’ap chèche depi lontan. Investisman nan enfrastrikti nou yo enpòtan anpil pou fè vanse kominote nou an epi li pral non sèlman benefisye a ayewopò a, men tou amelyore trafik sikilasyon nan tout zòn ki alantou an. Sa se yon ajou ki presye anpil nan tout Rejyon Kapital”.

Chèf Egzekitif Konte Albany, Daniel P. McCoy, te di, “Pandan ke yon kantite moun ki ap ogmante chwazi viv nan Konte Albany epi vwayaje atravè ayewopò nou an, nou dwe kontinye investi nan epi modènize youn nan pi gwo atou Rejyon Kapital yo. Mwen fyè pou mwen fè patenarya ak Gouvènè Cuomo nan pwojè transfòmasyonèl sa ki pral redwi anbouteyaj nan sikilasyon ki nan zòn nan, amelyore serenite ak sekirite enfrastrikti ki enpòtan anpil, epi ranfòse pi plis eksperyans vwayaj global abitan yo menm jan ak touris yo”.

Majistra Albany a Kathy Sheehan te deklare, “Yon lòt fwa ankò, Gouvènè Cuomo te bay gwo rezilta pou Rejyon Kapital. Investisman sa yo demontre angajman Gouvènè a ki ap kontinye nan asire ke rejyon sa yo atravè Eta a gen enfrastrikti ki nesèsè yo pou ka atire investisman, kreye travay, epi konstwi kominote ki dinamik”.

Sipèvizè Minisipal Colonie an Paula Mahan te deklare, “Mwen antouzyas akòz anons Gouvènè Cuomo fè a pou bay finansman pou aksè ki amelyore ak modènizasyon nan Ayewopò Entènasyonal Albany. Nouvèl wout konektè a pral non sèlman benefisye a sila yo ke destinasyon yo se ayewopò a men tou li pral amelyore trafik sikilasyon nan Wolf Road ak Albany Shaker Road. Pwojè Devlopman ak Revitalizasyon Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò a pral benefisye a tout moun ki ap vwayaje atravè komin nan epi fè ayewopò a vin yon destinasyon premye klas pou vwayajè yo”.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Rejyon Kapital la Mark Eagan te deklare, “Felisitasyon pou Gouvènè Cuomo ak Kò Lejislatif lan. Ayewopò Entènasyonal Albany a se yon faktè ekonomik majè pou pi gwo pati Rejyon Kapital la. Resous ke yo te atribiye yo ki soti nan Konpetisyon Revitalizasyon ak Devlopman Ekonomik Ayewopò nan Rejyon Nò a yo se eleman kle pou asire ke ayewopò nou an byen pozisyon pou dekad ki gen pou vini yo. Reyelaborasyon Sòti 4 lan pral ogmante sekirite, ogmante mobilite epi bay antre prensipal ki apwopriye pou ale epi soti nan ayewopò ak rejyon nou an”.

Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Ayewopò Konte Albany an John O'Donnell te deklare, “Inisyativ ayewopò atravè eta a ke Gouvènè Andrew Cuomo lanse a ap demontre yon gwo angajman nan ranfòse eksperyans vwayaj nan Ayewopò Entènasyonal Albany an atravè aksesibilite pou pasaje ki amelyore, nouvèl fason pou oryante yo, ak teknoloji kominikasyon modèn. Ajou yon nouvo plas pakin modèn pral reponn a demann aktyèl ak demann fiti yo pou pakin ki enkli yo. Ansanm pasaje nou yo, liy ayeryèn aktyèl nou yo ansanm ak sila yo ki ap chèche lanse nouvèl sèvis ayeryèn yo pral akeyi amelyorasyon sa yo nan Rejyon Kapital”.

Jeff Stark, ki se Prezidan, Konsèy Komès Batiman Pi Gwo Pati Rejyon Kapital lan, te deklare, “Transfòmasyon Ayewopò Albany an se nouvèl ki byenvini pou Albany, ekonomi nou an, ansanm ak pou fanm ak gason ki ap travay di yo ki nan Rejyon Kapital ki pral travay nan pwojè rekonstwi ayewopò sa. Nan non 22,000 Manm Konsèy Komès Batiman Pi Gwo Pati Rejyon Kapital la, mwen aplodi inisyativ Gouvènè Cuomo a, epi mwen espere wè yon nouvo ayewopò Albany ki revitalize ki pare epi ap fonksyone”.

Apwopo Konpetisyon Revitalizasyon ak Devlopman Ekonomik Ayewopò nan Rejyon Nò an

Konpetisyon Revitalizasyon ak Devlopman Ekonomik Ayewopò nan Rejyon Nò an mande ayewopò Rejyon Nò yo pou yo imajine ayewopò fiti an kòm nouvo pòt prensipal rejyon an. Konpetisyon an vin ajoute sou reyisit Konpetisyon Konsepsyon Plan Prensipal Gouvènè Cuomo an pou Ayewopò LaGuardia ak John F. Kennedy, menm jan ak tout jefò transfòmatif yo ki ap fèt aktyèlman nan divès ayewopò rejyonal nan zòn anba eta a. Yo ap atribiye 10 milyon dola adisyonèl atravè Pwogram Sibvansyon Kapital

Avyasyon (Aviation Capital Grant Program) Gouvènè an, k'ap sipòte sekirite, enfrastrikti, ak pwojè devlopman ekonomik yo nan ayewopò ki pi piti yo atravè eta a.

Konpetisyon an te administre pa Depatman Transpò Eta New York lan. Li aksesib a tout pwopriyetè ayewopò itilizasyon piblik yo Rejyon Nò ki bay oswa pwopoze pou bay sèvis kagezon ak/oswa sèvis komèsyal ayeryen ki planifye pou pasaje yo. Finansman pou konpetisyon sa te enkli nan Plan Kapital sou senk lane Depatman Transpò a. Pou kapab konsidere pou opòtinite envestisman sa, yo te ekzije aplikan ki kalifye yo pou yo soumèt yon pwopozisyon pwojè inisyal ki detaye anvègi, kalandriye ak montan depans pou pwojè ke yo te pwopoze a oswa pwogram pwojè yo. Yon komisyon ekspè nan endistri an yo te revize pwopozisyon pwojè yo.

Konpetisyon Revitalizasyon ak Devlopman Ekonomik Ayewopò nan Rejyon Nò Gouvènè Cuomo an gen ladan Ayewopò Rejyonal Elmira Corning, Ayewopò Entènasyonal Greater Rochester, Ayewopò Entènasyonal Plattsburgh, Ayewopò Entènasyonal Syracuse Hancock, ak Ayewopò Rejyonal Ithaca Tompkins. Plan ak konsepsyon anbisyè ayewopò yo devlope a yo pral ranfòse sekirite, amelyore operasyon ak aksè, redwi enpak anviwonmantal yo, epi kreye pi bon eksperyans pou pasaje yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)